

# Konsèy Jistis Anviwonmantal

Reyinyon #21 • 21 Out, 2025 • 6:30 pm



## LOJISTIK YO

- Language Interpretation is being offered in: Español, Kreyòl ayisyen, 普通话, Português, Kriolu, Tiếng Việt, and American Sign Language (ASL)
  - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
  - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
  - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
  - Pa partisipa na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisiona "Cape Verdean Creole"
  - Pou rantr nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
  - 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 “Chinese”.
  - Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

- Tanpri pale dousman.
- Tout patisipan yo dwe seleksyone yon lang nan chanèl la, menm si w ap gade prezantasyon an nan lang Anglè.



- Si w ta renmen yon vèsyon nan tradiksyon paj sa yo, tanpri ale sou sit wèb EJC a nan : <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings>

REYINYON SA A ANREJISTRE



# Konsèy Jistis Anviwònmantal

---

Reyinyon #21

Jedi, 21 Out, 2025, 6:30 pm

Lokal an pèsòn nan : North Adams, MA

Drury High School

*1130 Church St, North Adams, MA 01247*



# Lojistik ak Ajanda yo

# Logistics

➔ Language Interpretation is being offered in: Español, Kreyòl ayisyen, 普通话, Português, Tiếng Việt, and American Sign Language (ASL)

- To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
- Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
- Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
- Pa partisipa na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisiona "Cape Verdean Creole"
- Pou rantr nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
- 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 “Chinese”.
- Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

➔ Please speak slowly

➔ Tout patisipan yo dwe seleksyone yon lang nan chanèl la, menm si w ap gade prezantasyon an nan lang Anglè.




➔ Si w ta renmen yon vèsyon an tradiksyon paj sa yo, tanpri ale sou sit wèb IJC a nan : <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings>

➔ Tout espas la ap sou silans pandan prezantasyon an.

➔ Espas la pral ouvri pou kòmantè oral aprè prezantasyon an.

➔ Si w gen yon kesyon ki bezwen klarifikasyon oswa yon pwoblèm lojisyèl oswa Teknik pandan prezantasyon an, tanpri ekri sa nan bwa Q&A a.



➔ Kontakte lidè webinè ERG a **Kecil John** nan [meetings@erg.com](mailto:meetings@erg.com) with konsènan nenpòt pwoblèm teknik oswa kesyon.



**THIS MEETING IS BEING RECORDED**

# Ajanda

|                                                                    |
|--------------------------------------------------------------------|
|                                                                    |
| ▪ Revizyon jeneral sou reyinyon, lojistik ak ajanda                |
| ▪ Apèl pou prezans ak Apwobasyon minit dènye Reyinyon EJC a        |
| ▪ Kesyon ak kòmantè Piblik la                                      |
| ▪ Lwa Ready Massachusetts la (Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal yo) |
| ▪ Kesyon ak kòmantè Piblik yo                                      |
| ▪ Repons ak kòmantè yo (lè sa apwopriye)                           |
| ▪ Pwochen etap yo epi nou Ranvwaye                                 |



## Apwobasyon Minit Reyinyon 12 Jwen, 2025 la & Apèl pou Prezans: Manm Konsèy EJ yo

- Kalila Barnett
- Madeline Fraser Cook
- Melissa Harding-Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- María Belén Power
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Ari Zorn
- Miles Gresham

# Kòmantè Piblik yo ak Kesyon yo

*Tanpri limite chak kòmantè a de (2) minit pou bay lòt moun tan pou yo pale*

# **Lwa Ready Massachusetts la (Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal yo)**





**Commonwealth of Massachusetts**  
**Executive Office of**  
**Energy and Environmental Affairs**

**Mass Ready:**  
**Yon Lwa pou Bati Rezistans pou**  
**Kominote *Massachusetts* yo**

**Konsèy Jistis Anviwònmantal**

21 Out, 2025





# Lwa Mass Ready – Yon Rezime

- Entwodiksyon
- Kontèks ak Fondasyon Stratejik yo
- Tèm Kle yo
- Rezime jeneral envestisman yo
- Pwen Enpòtan sou Politik yo
- Eitati ak Pwochen Etap yo



# Mass Ready: Ranfòse ak Pwoteje Kominote yo

- **Kominote, fanmi ak peyizan yo** ap konfwonte move tan atravè eta nou yo:
  - 2023 nou te wè inondasyon ki te make istwa ak gwo chalè
  - 2024 nou te wè ensidan dife ki te san parèy
  - 2025 inondasyon yo ki tap kontinye
  - Plis pase milye kay, chan agrikilti ak biznis te an risk, anpil nan yo te detwi
- **Menas yo kontinye ap vin pi mal** → nou dwe ede kominote yo prepare pou sak gen pou vini
  - Chak grenn \$1 dola ki te investi rejenere \$13 dola an retou nan depans yo te evite fè yo
- **Lwa Mass Ready se kle nou pou'n ka ogmante investisman yo** nan rezistans klimatik, enfrastrikti anviwonmantal, aktivite rekreyasyonèl, sekirite alimantè, ak dlo ki pwòp
  - Bòdwo bil yo jeneralman pase pa biwo Lejislati a chak senk (5)an avèk dènye Bòdwo bil Anviwonmatal ki te pase an 2018 la ak 2.1 bilyon dola nan otorizasyon pou ajans EEA yo
  - Lwa Mass Ready ap bay otorizasyon obligasyon pandan senk (5)an (finansman ki pa apwopriye )



Wout nan Leominster ki kraze, CBS Boston Septanm 2023



Amelyorasyon kanalizasyon kòm yon pati nan pwojè Pepperell 2022 la.



# Opinyon Votè nan Massachusetts yo – Avril 2025

**Moun ki vote nan MA enkyete ke gen ogmantasyon nan chanjman klimatik la epi l'ap fè enpak sou yo pèsònèlman**

| Degre Enpak la            | 2018 | 2025 | Chanjman |
|---------------------------|------|------|----------|
| Yon bon pri               | 22%  | 41%  | +19%     |
| Yon kantite ki Modere     | 32%  | 20%  | -12%     |
| Bon pri/kantite ki Modere | 54%  | 61%  | +7%      |
| Tou Piti                  | 22%  | 13%  | -9%      |
| Pa Ditou                  | 21%  | 22%  | +1%      |

Enfòmasyon sondaj koutwazi The Nature Conservancy (Prezèvasyon Lanati)

# Opinyon moun ki Vote nan Massachusetts yo – Avril 2025



Moun ki vote nan Massachusetts yo mete valè sou investisman nan nouvo finansman dlo, forè, marekaj ak eksplwatasyon agrikòl yo ki ka amelyore kalite dlo ak lè a epi redwi enpak klimatik yo

| Priorite pou Finansman an                                                       | % Ekstrèmeman/<br>Vrèman enpòtan |
|---------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------|
| Pwoteje sous dlo nou ka bwè yo                                                  | 91%                              |
| Redwi polisyon nan rivyè, lak nou yo                                            | 82%                              |
| Pwoteje forè ki ka netwaye dlo n'ap bwè yo epi redwi polisyon ki nan lè a       | 80%                              |
| Pwoteje marekaj ak zòn imid ki souse dlo yo lè gen inondasyon                   | 79%                              |
| Pwoteje eksplwatasyon agrikòl yo                                                | 78%                              |
| Bay manje ke agrikiltè lokal yo fè, jaden ak lapèch                             | 74%                              |
| Pwoteje forè kote bèt sovaj yo ap viv                                           | 74%                              |
| Pwoteje marekaj ak teren mouye ki bay pwason ak pèmèt zannimo yo viv            | 73%                              |
| Pwoteje kote bèt sovaj yo ap viv                                                | 73%                              |
| Sipòte endistri fwi lanmè pandan n'ap pwoteje abita maren yo                    | 72%                              |
| Redwi polisyon nan lè a                                                         | 70%                              |
| Restore rivyè ki koule lib pou ka amelyore abitasyon bèt sovaj                  | 66%                              |
| Bay opòtinite pou rekreyasyon an deyò                                           | 62%                              |
| Prepare kominote yo pou enpak move tan, chalè, lanmè a k'ap monte ak inondasyon | 60%                              |

# Nou te Planifye Travay la, Kounya ann Travay sou Plan yo

## Inisyativ ki Fòm Fondayon nou an



Rekòmandasyon Chèf klimatik yo

Plan ResilientMass

Plan Aksyon pou tè Agrikòl

Plan Aksyon pou Tè ki an Bon Sante

Inisyativ pou yon Kòt ki Rezistan

Forè kòm Solisyon pou Klima

Depatman Pwason ak Plan estratejik Jwèt la

Objektif Biyodivèsite, Lòd Egzekitif

Plan Prensipal pou Jesyon Dechè Solid 2030 nan Depatman Pwoteksyon Anviwònman

Enèji Pwòp ak Plan Aksyon Klima

Plan Aksyon pou Manje Lokal

# Rezilta Kle Lwa MassReady a ap avanse...

- **Enfrastrikti kotyè priorite a rezistans kont** vilnerabilite yo
- Wout **kritik** ak sistèm drenaj yo ap rekonstwi pou yo ka rezistan
- Gwo Danje- Baraj ki an **move kondisyon yo nan reparasyon**. Retire Baraj ki pa nesesè yo.
- **Kouvèti iben an ogmante** pa 5% nan zòn Jistis Anviwònmanal yo, sa ki amelyore sante piblik
- **MA konsève 30%** pou 2030
- Rezidan yo ap viv nan yon **distans ½ milyaj** de espas vèt ki aksesib yo
- **Chemen pou itilizasyon pataje yo** ogmante pa 20 mil pa ane
- **Pak yo** nan yon bon eta reparasyon ( 50% plis de 31%)
- Kominote EJ yo sipòte **agrikilti ibèn**
- **Ekonomi rekreyasyon deyò** elaji de 10%
- Tout rezidan yo gen aksè ak **dlo pwòp, kouran dlo ki fre**
- Abitasyon ki an sante yo pwoteje epi **restore, kaptire kabòn**
- **0% pèt tè agrikòl ki pwodiktif**
- **Sistèm manje** maren ak tè **yo dirab epi pwodiktif**
- Dechè Solid yo **redwi pa 30%**
- **Enfrastrikti pou bwè dlo** san danje, sekirize epi sifizan
- **Biyodivèsite** yo ogmante epi gen espas pou'l deplase
- **Nivo PFAS** ki nan dlo/tè yo redwi



# Tèm Kle sou Lalwa Mass Ready a

## *Debloke kapasite nou pou:*

### ■ ***Ranfòse Enfrastrikti nou an***

- N'ap Amelyore Wout Peyaj, Baraj, Sistèm Drenaj, Sistèm Dlo Pòtab ak Sistèm Dlo Egou yo
- Rekonstwi Enfrastrikti Kotyè ak Entèn pou rezilyans
- Itilize Lanati pou Prepare kont Move Tan

### ■ ***Envesti nan Ekonomi Lokal yo***

- Sipòte Agrikilti, Kominote Riral, ak Sistèm Manje ki an Sante yo
- Akselere Rezistans Kominote a ak MVP, plante plis pyebwa, elatriye

### ■ ***Pwoteje Dlo ak Nati a***

- Konsève Abitasyon Plant ak Bèt yo
- Envesti nan Pak/plas piblik, Espas piblik, plaj, ak Sistèm Dlo yo





# Lwa Mass Ready se yon investisman istorik de \$3 Bilyon dola nan anviwonman ak enfrastrikti nou an



Iwa **Mass Ready** a, yon pake konplè ki gen depans , politik, ak aksyon pwogramatik, **se pi gwo investisman nan anviwonman nan istwa MA epi li bay priorite** pou rezilyans, sekirite alimantè, anviwonman pwòp ak sante piblik pou fanmi, timoun ak kominote MA yo.

### Ranfòse Enfrastrikti nou an

#### Inondasyon entèn ak Inondasyon Kot

*Prepare kominote ak ajans nou yo pou lè lanmè a monte ak lè gen anpil inondasyon*

Aplikasyon ResilientCoasts yo, ki enkli pwojè distri yo.

Sekirite baraj pou kominote ak ajans nou yo.

Kanal yo

Estrikti Kontwòl inondasyon ak kot ke ajans yo posede yo

#### Lè ki pwòp, Dlo, ak Tè

*asire ke tout moun gen aksè a lè ki pwòp, dlo, ak tè*

Enfrastrikti Dlo, ki gen ladann Fon Revolvab Eta a ak mitigasyon PFAS

Match Superfund ak repons ijans

Rediksyon Nitwojèn

Siveyans kalite lè ak dlo

### Investi nan Ekonomi Lokal nou yo

#### Preparasyon Klimatik ak Jistis Anviwonman

*Prepare pou reziste, reprann rapidman, ak adapte ak evènman danje natirèl; zewo emisyon gaz efè tèmik anvan 2050; aksè ekitab*

Preparasyon Vilnerabilite minisipal

Plan ResilientMass

Bous pou aksè nan rekreyasyon deyò

Enfrastrikti EJ

#### Asire apwovizyonman ak sistèm manje

**mizajou enfrastrikti pou bati yon ekonomi agrikòl ki solid ak yon sistèm manje ki an sekirite**

Sibvansyon enfrastrikti sekirite manje (FSIG)

Aplike Plan Aksyon Tè Agrikòl

Sibvansyon pou Amelyorasyon rezistans kont chanjman klimatik

### Pwoteje Dlo ak Nati a

#### Enfrastrikti Pak ak wout pak yo

*Asire tout rezidan yo gen aksè aksè ak enfrastrikti epi etablisman ki an sekirite pou yo ka jwenn aksè nan espas deyò yo*

Wout pak yo

Glisad ak pisin yo

Pak yo

Plaj yo

Veyikil ak bato yo

Tras yo

Deplwaman Bato yo

Enfrastrikti yo

Antretyen

Depotwa Pwason

#### Konsèvasyon tè ak Jesyon Biyodivèsite

*Reyalize objektif konsèvasyon tè ki se 40% anvan 2050, plante pyebwa, ak aplike objektif biyodivèsite yo*

Konsèvasyon tè kominotè ak ajans

Plante pyebwa, ki gen ladann pasrèl ekolojik ak refwadi koridò yo

Mete an aplikasyon objektif biyodivèsite ki ap vini yo

## Ranfòse Enfrastrikti Nou An

- \$587 milyon pou ogmante pak, wout, plaj, ak sit istorik yo.
  - \$177 milyon pou sipòte enfrastrikti transpòtasyon, sa ki enkli wout pak yo, tras wout, wout, ak pon pou pyeton yo.
  - \$90 milyon pou modènize enfrastrikti DFG,, e.g. ranp pou bato ak fertilizè pwason, epi sipòte fètilizè komèsyal nou yo ak restorasyon pwojè ekolojik yo.
- \$642 milyon pou konstwi plis enfrastrikti rezistan anndan rejyon yo ak sou kòt yo.





## *Lwa Mass Ready: pa tèm*

### Investi nan Ekonomi Lokal yo

- \$315 milyon pou sipòte pwogram Preparasyon Vilnerabilite Minisipal yo (MVP) .
- \$125 milyon pou Sibvansyon Enfrastrikti Sekirite Manje (FSIG).
- \$68 milyon pou pwoteje tè agrikilti, ankouraje sekirite alimantè, soutni vyabilite ekonomik agrikòl.
- \$73 milyon pou sipòte plan etatik rediksyon ak adaptasyon a danje ResilientMass la.

Buy Fresh. Buy Local.



## *Lwa Mass Ready: pa tèm*

### Pwoteje Dlo ak Nati a

- \$385 milyon pou sipòte dlo pwòp ak pwojè dlo yo ka bwè atravè sibvansyon revòtan leta yo, sa ki enkli menm kantite sibvansyon federal yo.
- \$340.5 milyon pou konsèvasyon tè ak akizisyon ki kenbe nou sou chemen pou double vitès konsèvasyon an.
- \$120 milyon pou sipòte pwojè kapital yo ki adrese kontaminasyon PFAS nan rezèv dlo piblik ak pwi prive yo.
- \$20 milyon dedye pou aplike objektif Biyodivèsite leta a ki ap vini yo.







# Pwopozisyon Politik ki Remakab yo

| TIT                                                                      | Kout Rezime                                                                                                                                                                                                                     |
|--------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <u>Sibvansyon Rezilyans Renouvlab</u>                                    | Kreye yon Sibvansyon Rezilyans Renouvlab pou bay eskont pou pwojè rezilyans minisipal yo, distri dlo, ak dlo yo itilize, ak gouvènman tribi yo. Sibvansyon sa a ap sòti nan Clean Water, e EEA ap jere pwogram lan.             |
| <u>Divilgasyon Inondasyon</u>                                            | Modèl sou lwa divilgasyon MA ki egziste deja, mande vandè ak lokatè kay yp pou bay detay bien detaye sou sa yo konnen ki te rive nan moman inondasyon an.                                                                       |
| <u>Ekipe BBRS pou Adrese Rezistans ak Lojman nan konstriksyon Lwa yo</u> | Etabli risk klimatik , konsepsyon rezistan ak pwodiksyon lojman sou Biwo Règleman ak Nòmalizasyon Batiman (BBRS) pou BBRS ka gen plis ekspètiz pou evalye ak avanse priyorite klimatik ak lojman nan konstriksyon debaz lwa yo. |





# Pwopozisyon Politik ki Remakab yo

| TIT                                                                                 | <i>Kout Rezime</i>                                                                                                                                                                                                                                                               |
|-------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <u>Rasyonalizasyon pèmi pou Lojman an, Solisyon yo Baze-Sou Lanati ak Twotwa yo</u> | Seri pwopozisyon pou diminye pwosesis, deklanche, ak delè pou pou pwojè lojman, solisyon ki baze sou lanati, ak ranplasman twotwa kominotè yo, anba chapit 91, MEPA ak Regilasyon sou tè ki mouye yo, sou kondisyon ke pwojè yo toujou satisfè sèten kondisyon ak estanda ki wo. |
| <b>Komisyon Rezilyans River Valley Connecticut</b>                                  | Etabli yon komisyon ki dirije pa EEA e ki enkli MEMA, ajans planifikasyon rejyonal, minisipalite, otorite dlo ak egou pou devlope yon kat wout rejyonal pou ka adrese inondasyon yo.                                                                                             |
| <u>Komisyon Dirabilite pou Pò</u>                                                   | Komisyon Pò a pwodwi yon vizyon estratejik ki soutni pa kominote a atravè tout eta a pou zòn pò ki deziyen nan Massachusetts yo.                                                                                                                                                 |
| <u>Konsèy Politik Alimantè</u>                                                      | Elaji Manm Konsèy Politik Manje MA a pou enkli DMF, reprezantan endistri lapèch ak Sant Agrikilti , Manje ak Anviwònman UMass                                                                                                                                                    |

**<https://www.mass.gov/info-details/mass-ready-act>**

- **Strengthening Our Infrastructure** (Lyen pou Ranfòse Enfrastrikti nou an)
- **Investing in Farms and Local Economies** ( Lyen pou Envesti nan Fèm ak Ekonomi Lokal yo)
- **Protecting Water and Nature** (Pwoteje Dlo ak Lanati )
- **Housing & Environment Permitting Reform** ( Kayè/Pèmi)
- **Supporting Western and Central Mass** ( Sipòte Mass Lwès ak Sant)

# Pwosesis, Pwochenn Etap ak Kesyon yo

- Lwa Mass Ready te soumèt pa Gouvènè a (24 Jiyè, 2025) ✓
- Odyans: Komite Konjwen sou Anviwònman ak Resous Natirèl yo (15 Jiyè, 2025) ✓
- Referans nan Komite Konjwen sou Kominote Angwoup la, Odyans
- Rekomandasyon pou kominote Senatè sou Mwayen ak Metòd yo
- Deba Senatè
- Referans pou House Ways ak Means
- Deba nan Chanm nan / Gwoup la
- Konferans Komite
- Pasaj Pwojè Lalwa pandan Konferans lan
- Revizyon gouvènè, opòtinite pou fè veto eleman ki aliye yo, ak sinyati



# Kòmantè Piblik yo ak Kesyon yo

*Tanpri limite chak kòmantè a de (2) minit pou bay lòt moun tan pou yo pale*





WHAT'S  
NEXT?

## Pwochen Etap yo & Nou Ranvwaye

Enfòmasyon sou EJC ak reyinyon  
yo disponib nan

[https://www.mass.gov/orgs/en  
vironmental-justice-council-ejc](https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council-ejc)